

## Subasita

Tembang prasaja tur utama  
Pyayoga kanggo kabeh manungsa  
Ing satindak tandukira  
Supaya katon wibawa

Ukara nyuwun pangapura wiwit langka  
Biyen wong Jawa kondhang kaloka  
Amarga alusing basa lan tata susila  
Basa alus wis meh ra ana

Ngoyak ombyaking donya  
Dadi lali marang kang luwih utama  
Ya karena tata susila lan subasita  
Supayane raga duwe rega

Basa Jawa bakal dadi memedi  
Mungguhing bocah-bocah saiki  
Yen celathu wae angel dingerteni  
Luwih-luwih wong kang rumangsa ngerti

Mula ta mula ...  
Ayo padha mbudidaya  
Murih basa Jawa, subasita, lan tatakrama  
Tansah ngrembaka ing nuswantara

Ayo padha predhuli  
Ngayogyakarta papan ngleluri  
Rembakaning budaya Jawi  
Murih lestari

## Satemene Aku Isin

Satemene aku isin  
ngaku Jawa mung sinamudana  
jiwa Jawa cuwil pating crimpil  
nyongkel jati dhiri  
kabur kumleyang  
kasendhal mayang ing awang-awang

Satemene aku isin  
ngaku Jawa nanging ninggal subasita  
nyikut kanca nyundhul mandhuwur ngidak ngisor  
Jawa mung sarana pancadan  
nggayuh pangalembananing liyan  
sinamar alusing budi  
linebon crangaping eri

Satemene aku isin  
isin geneya aku ora isin  
jiwa Jawa kang adiluhung  
mung srana anggung kumalungkung  
bedane apa karo Bilung kang punggung

Satemene aku isin  
ndhadha tumanduk kang kurang trapsila  
nanging hyang bagaskara tetep setya  
madhangi laku sadawane rina  
aku kudu dadi wong Jawa  
kang eling purwa duksina

## Ngger Balia

Winahya lekasing sedyatama.

Guritku ambuka lebeting wardaya.

Anggugah sumilaking daya pangrasa pamothahing batin.

Ngger.mangertiya.

Jroning nala anelangsa.

Lamun mulat sarira amiling jiwangga.

Nyumurupi pasrawungan wus adoh mring budaya jati.

Najan karsa anglenggana, nanging adrenging nala murup  
ambarabak.

Geneya rasa iki datan suwala?

Ngger, waspadakna!

Apa iki tumibaning kawibawan iya jati dhiri?

Kenthir kalantur donyaning wektu lan ombyking jaman.

Apa iya ati bakal selak, pikir tanpa nalar budi tan rinasa?

Ngger, apa iya Bapa nagih kalawan prasetyaning jati,  
angleluri luhuring bangsa?

Ibu bumi wus sumarah marang jatining pesthi,  
mulih mula mulanira.

Jatining rasa Jawaning jiwa lantiping basa  
luhuring budaya misuwuring bangsa